# الإسلام دين رسل الله (للجمعية)

# Lislaam mooy diiney Yonnente Yàlla yi

## Lislaam mooy diiney Yonnente Yàlla yi

Lislaam mooy jébbalul Yàlla mi bind àdduna bi di ko doxal, wommatul ko ngir bëgg ko ak màggal ko, cosaanu lislaam mooy gëm Yàlla, ak ne moom mooy Aji-Bind ji, te lépp lu dul moom mbindeef la, ak ne moom moo yayoo jaamu moom rekk

amul bokkaale, amul lenn lu ñuy jaamu ci dëgg ku dul moom,ay tur yu rafet ñeel na ko ak ay melo yu kawe, mooy ki mat sëkk,

jurul kenn te kenn juru ko te amul benn nawle du caagine niroowaale, du wàcc te du jël jëmmi lenn ci mbindeefam yi.

Lislaam mooy diiney Yàlla mi nga xam ne du nangu ci nit jenn diine ju dul moom, te mooy diine ji yonnente yépp indi yal na leen Yàlla dolli jàmm.

Bokk na ci cosaani lislaam gëm mbooleem Yonnente yi, ak ne Yàlla moo yónni Yonnente yi ngir ñu jottali ay ndigalam ñeel jaamam yi, mu wàcce ci ñoom ay téere, ki mujj ci ñoom di Muhammat yal na ko Yàlla dolli jàmm, Yàlla yónni na ko ci Sariihab Yàlla bi mujj, di aji-nasaxal Sariihay Yonnente ya ko jiitu, Yàlla dëgëral na ko ci ay keemaan yu màgg, ba ca gën a màgg mooy Alxuraan ju tedd ji,waxi Boroom mbindeef yi,tére bi gën a màgg ci lu nit xam, muy aji-lottloo ci li mu làmboo ak ci ay baatam, ak ci ag nosewoom,ag gindiku ci dëgg moo ci nekk,di luy eggale ci ag texe ci àdduna ak allaaxira,muy lu ñu sàmm ba tay jii ca làkku araab ba mu wàccewoon,kenn soppi wu ko, doonte wennuw araf la.

Bokk na ci cosaani lislaam yi gëm malaaka yi, ak gëm bis bu mujj ba, te ca la Yàlla di dekkile nit ñi ca seen bàmmeel ya ëllëg bis-pénc ngir càmbar seen i jëf, ku def lu baax tey aji-gëm kooku xéewal guy sax ñeel na ko ca àjjana, ku weddi di def lu bon kooku mbugal mu màgg ñeel na ko ca sawara, bokk na ci cosaaani lislaam yi gëm dogali Yàlla yi muy yiw walla muy ay

Jullit ñi dañoo gëm ne Iisaa jaamub Yàlla la di ndawam waaye du doomi Yàlla; ndaxte Yàlla Aji-Màgg la jaaduwul muy am soxna walla doom, waaye Yàlla dafa xamle ci Alxuraan ne Iisaa ab yonnente la bu Yàlla jox keemaan yu bari,ak ne Yàlla moo ko yónni ci aw nitam ngir ñu jaamu Yàlla moom dong amul bokkaale, mu xibaare nu ne Iisaa sàkkuwul ci nit ñi ñu jaamu ko waaye dadoon jaamu ki ko bind.

Lislaam diine la ju dëppoo ak mbindiin ak xel yu mucc yi, te xol yu jub yi nangu ko, Aji-Bind ju màgg ji da koo yoonal ñeel mbindeefam yi, te mooy diiney yiw ak texe ñeel nit ñépp, ràññeewul wenn xeet ci kaw weneen xeet, du caagine wenn melo ci kaw weneen melo, nit ñi ñépp a ci yem, kenn du ràññeeku ci lislaam ci kaw keneen ci lu dul kem ay jëfam yu baax.

War na bépp nit buy aji-xelu mu gëm Yàlla muy Boroomam, gëm lislaam muy diineem, gëm Muhammat muy Yonnenteem, lii nag mbir la mom nit ki amu ci ag tànn; ndaxte Yàlla dana ko laaj ëllëg bis-pénc lan la tontu woon Yonnente ya; bu dee aji-gëm la woon ag texe ak ug mucc gu màgg ñeel na ko, bu dee yéefar la woon ag ñàkk gu bir ñeel na ko.

Ku bëgg a dugg ci lislaam war na ci moom mu wax:(maa ngi seede ne amul kenn ku ñu war a jaamu ci dëgg ku dul Yàlla, ak ne Muhammat ndawul Yàlla la),mu xam maanaa mi te gëm ko, ci loolu lay nekke jullit; topp mu jàng tëraliini lislaam yi ndànk-ndànk; ngir mu taxawe li Yàlla waral ci moom.

Ngir gën a xam:

# xetouk tenk

Lislaam mooy diiney Yonnente Yàlla yi ....................................2

wo364v2.0 - 06/09/2026